

UPDATED: 08/2011

FÈY ENFÒMASYON SOU SIKLÒN TROPIKAL/ORAGAN

GLO INONDASYON POZE RISK POU LASANTE

Siklòn twopikal ak ouragan ka lakòz inondasyon. Malgre ke si pò w rantre an kontak avèk glo inondasyon an pa, pou kont li, poze yon risk grav pou lasante, nou kòmanse gen enkyetid pou danje lasante ki ka rive tout moun yo lè dlo yo vin kontamine. Dlo inondasyon ka genyen ladan matyè fekal (poupou) avèk bakteri e viris ki asosye avèk matyè sa yo.

DOH rekòmande prekosyon sa yo pou evite maladi ki ka rive akòz kontaminasyon nan dlo inondasyon yo:

- Ijyèn debaz se yon bagay ki trè kritik. Lave men ou avèk glo ak savon nan glo ki te bouyi oswa dezenfekte avan ke ou kòmanse prepare oswa manje kèk bagay, lè w soti nan twalèt, apre ke ou fini patisipe nan aktivite netwayaj dlo inondasyon, avèk lè ou te manyen bagay ki te kontamine avèk dlo inondasyon oswa dlo egou yo.
- Evite manje oubyen bwè nenpòt ki bagay ki te kontamine avèk dlo inondasyon yo.
- Pa travèse nan mitan dlo ki kanpe. Si ou pa chwa pase nan mitan dlo ki te kanpe, ale benyen e mete rad ki pwòp pli vit ki posib.
- Evite kontak ak dlo inondasyon yo si ou gen blesi oswa on maleng ki ouvri. Si ou te blese oswa ou genyen yon maleng ki ouvri e nanpwen okenn fason pou evite kontak avèk dlo inondasyon yo, kenbe yo pwòp le plis ki posib, lave yo avèk savon pou ka kontwole enfeksyon. Si yon blesi kòmanse vin wouj, kòmanse vin anfle, oswa gen pi ak likid k ap koule sòti ladan, ale pran swen medikal imedyatman. Rezidan ki soufri yon koupe ak/oswa yon twou blesi epi yo potko pran vaksen tetanòs la nan lespas 10 za ki pase yo fèt pou yo ale pran yon boustè tetanòs.
- Si twalèt ou debòde nan kay la, mete bòt ak gan plastik ki enpèmeyab pandan w ap netwaye kay la. Retire epi jete tout bagay ki kontamine nan kay la ou pa kapab dezenfekte, tankou papye pou dekore mi, rad, tapi ak klwazon sèk (miray ki fèt avèk plastè-de-pari). Ou ta dwe netwaye mi, planche ki fèt ak materyo ki di ak anpil lòt pati nan kay la ak savon, ak dlo epi dezenfekte yo ak yon solisyon ou fè ak 1/4 tas klwòks nan yon galon dlo. Pran sitou anpil prekosyon pou dezenfekte nèt tout kote ou ka mete manje tankou tèt kontwa, etajè gadmanje, frijidè, elatriye. Ou ta dwe lave ak anpil swen tou zòn kote timoun piti jwe. Lave tout dra ak rad nan dlo cho. Bagay ou pa ka lave oubyen voye nan dray, tankou matla ak mèb ki kouvri ak twal oubyen po, netwaye yo a sèk nan solèy epi flite yo nèt ak yon espres dezenfektan. Lave tout kapèt ak machin vapè.

Si tiyo ki mennen dlo yo, ap vide pitit-pitit oubyen ap vide yon tijan bloke ou fèt pou:

- Konsève dlo le plis ki posib; mwens dlo ou itilize, mwens travay egou tank septik pr al genyen pou yo fè. Minimize itilizasyon machin alave. Ale nan londwomat piblik (kote pou lave rad ou). Yon lòt bon opsyon ki ta ka ede tanporèman se louwe yon twalèt pòtatif.

- Pinga ou fè yo ponpe tank septik (rezèwva latrin yo) ou an pou vide yo. Si basin dlo yo wo anpil plis pase dabitid, presyon dlo an ka kraze tank septik (rezèwva latrin yo) , si yo te sèk. Si pwoblèm fondamantal la te wotè dlo sou tè an, ou p ap rezoud pwoblèm la si ou ponpe tank la.
- Si ou pa kapab itilize plonminn san ou pa kreye yon nwizans sanitè, i.e., san ke ou pa ekspoze egou yo, konsidere deplase ou nan yon nouvo lokasyon jiskaske kondisyon yo amelyore.
- Pinga ou repare tank septik oubyen drenaj yo jiskaske teren yo fin seche. Anpil fwa sistèm yo rekòmanse travay byen lè teren yo pa kouvri ak dlo ankò. Tout reparasyon ou bezwen fè, ou dwe genyen yon pèmi e pou depatman lasante nan kontè w la vin enspekte reparasyon yo.

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte depatman lasante konte lokal ou an oswa vizite www.doh.state.fl.us oswa www.FloridaDisaster.org.

Liy Enfòmasyon pou Kadijans nan Florid: 1-800-342-3557.